qońsı-qobalarında táshwishke saladı. Sebebi, bunday illet ata-ananı húrmetley bilmegen bala arqalı qońsılardıńda balalarına ótiwi múmkin.

Joqarıdaǵı mashqalalı jaǵdaylarda balanıń ózine tán bolǵan ayrıqshalıǵı kózge taslanadı. Sebebi, «ayrıqshalıq adamnıń xarakter qásiyetleri, erk sıpatları, temperamenti, uqıplılıǵı hám dóretiwshilik xızmetleri arqalı júzege shıǵadı» [2:47]. Demek, joqarıdaǵı mısallarda balanıń, óz unamsız xızmetleri arqalı óziniń ayrıqshalıǵın kórsetip turǵanlıǵı seziledi. Degen menen usı ayrıqshalıq belgileri keleshekte óz balası tárepinen ámelge asırılǵanda óziniń qáteleskenligin bilip, barmaǵın tislewge májbúr boladı.

Usı orında geypara pikir júrgiziwshiler balanıń usınday bolıp qáliplesiwine ata-ananıń ózlerin ayıplı dep sezedi. Bizińshe bul nadurıs pikirler qatarınan orın aladı. Sebebi, hár qanday jańa tuwılǵan balada «…tayın xarakter sıpatları, hár túrli xızmetke baylanıslı uqıplıq bolmaydı» [2:51]. Sonday-aq, «hesh bir unamlı yamasa unamsız qásiyet, uqıplılıq, ata-anadan balaǵa ótpeydi» [3:59].

**Juwmaq.** Joqarıda alıp barılǵan baqlawlarımız hám sáwbetlesiwlerimiz, olardan studentler auditoriyasında paydalanıwlarımız, studentlerdiń pikirlerin geypara ádebiyatlarda berilgen pikirler menen salıstırıwlar nátiyjesinde tómendegishe juwmaqqa kelindi:

1. Ata-ananı qádirlew, olardıń qádirine jetiw Shıǵısqa, ásirese xalqımızǵa tán bolǵan milliy qádiriyatlardan sanaladı.
2. Óz ata-anasınıń qádirin bilgen perzenttiń abırayı kún sayın joqarılay beredi.
3. Óz ata-anasınıń qádirin bilmegen perzenttiń kem-kemnen abırayı tómenlep, sońǵılıǵında xalıq bunday perzentlerden ózlerin awlaq tutıwǵa umtılıp jasaydı.

**Ádebiyatlar**


1. Базарбаев Ж., Дәўлетова Қ. Әдептаныў. – Нөкис: «Билим», 1992.
2. Pazilov A.K., Seytmuratov Q.S., Kurbaniyazova Z.K. Úzliksiz tálim pedagogikasi . Sabaqlıq. – Tashkent: «Yosh avlod matbaa», 2023.
3. Pazilov A. [va boshq.]. Pedagogika teoriyası. – Tashkent: «Noshir», 2018.
4. Тәрбия (ота-оналар ва мураббийлар учунг энциклопедия). / тузувчи М.Н.Даминов, масъул муҳаррир А.М.Мажитов. – Тошкент: «O'zbekiston milliy ensiklopediyasi» давлат илмий нашриёти, 2010.
5. Шайх Мухаммад Садық Мухаммад Юсуф. Әдеплер ғәзийнеси. 1-том. – Ташкент: «Hilil nashr», 2021.



**REZYUME.** Maqolada ota-ona qadrini bilishga doir muammoli vaziyatlar, shaxsiy kuzatishlar, suhbatlashishlar, olingan ma'lumotlardan talabalar auditoriyasida foydalanib ko'rishlar haqida ma'lumotlar beriladi va ushbu materiallar yoshlarimizni milliy qadriyatlarimizga sodiq bo'lishga undaydi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлена информация о проблемных ситуациях, личных наблюдениях, беседах связанных с пониманием ценности родителей, использовании полученной информации в студенческой аудитории и эти материалы призывает молодежь оставаться верными нашим национальным ценностям.

**SUMMARY.** The article provides information about problematic situations related to knowing the value of parents, personal observations, conversations, and attempts to use the obtained information in student audiences, and these materials encourage our youth to be faithful to our national values.


## «MUZÍKA TEORIYASÍ» PÁNINDE «INTERVALLAR» TEMASÍN OQÍTÍWDA INTERAKTIV USÍLLLARDAN PAYDALANÍW


**S.M.Tajetdinova** – *docent*

**G.J.Axetova** – *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** nazariya, interval, metod, engarmonik, unison, garmoniya, dissonans, xromatik intervallar, diatonik intervallar, melodik interval, disgarmoniya.

**Ключевые слова:** теория, интервал, метод, энгармоника, унисон, гармония, диссонанс, хроматические интервалы, диатонические интервалы, мелодический интервал, дисгармония.

**Key words:** theory, interval, method, enharmonics, unison, harmony, dissonance, chromatic intervals, diatonic intervals, melodic interval, disharmony.


**Kirisiw.** Ózbekstan Respublikasınıń 2020-jıl 23-sentyabrdegi «Bilimlendiriw haqqında»ǵı ÓRN-637-sanlı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 7-fevraldaǵı «Ózbekstan Respublikasın jáne de rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında»ǵı PP-4947-sanlı, 2019-jıl 8-oktyabrdegi «Ózbekstan Respublikası joqarı bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında»ǵı PP-5847-sanlı Pármanları joqarı bilimlendiriw oqıw orınları pedagog kadrlarınıń kásiplik sheberligi innovaciyalıq kompetentligin rawajlandırıw, tarawǵa baylanıslı aldıńǵı shet el tájiriybeleri, jańadan bilim hám kónlikpelerdi ózlestiriw, sonday-aq ámeliyatqa engiziw kónlikpelerin jetilistiriw maqset etip qoyılǵan.

«Muzıka teoriyası» pánin oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıp zamanagóy usıllar menen bayıtılǵan halda ámelde qollaw hám oqıwshı jaslar bilimin bahalawǵa baylanıslı kásiplik kompetentlikke iye boladı.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiyası.** Búgingi kúnde jáhán ádebiyatlarında interaktiv usıllardan paydalanıwdıń mazmun mánisi hám olardı qollanıwdaǵı ózgeshelikleri haqqında bir qatar ilimiy pikirler bar. Usı tiykarda shet el hám ózbek ilimpazları E.M.Deeva [1:9], L.Yu.Safonova [2:13], J.Yuldoshev, S.Hasanov [3:195], D.Ro'zieva, M.Usmonboeva, Z.Holikovalar [4:3] tárepinen interaktiv metodlardıń usıllarınan paydalanıw ózgeshelikleri keń túrde úyrenilgen. Degen menen, muzıka táliminde qánigelik pánlerdi oqıtıwda interaktiv

medotlardan paydalanıw óz izertleniwin kútip turǵan áhmiyetli hám eń baslı máselelerden biri bolıp esaplanadı.

Muzıka táliminde «Muzıka teoriyası» pánin oqıtıwda interaktiv metodlardıń usıllarınan paydalanıwdı izertlewde «Associativ qatar» hám «Qáteni tap» interaktiv usıllardan paydalanıldı.

**Talqılawlar hám nátiyjeler.** «Associativ qatar» usılınan paydalanıw. «Associativ qatar» - bul izbe-izliktiń keyingi aǵzası aldıńǵısı haqqında yadımızǵa túsken nárseler menen baylanıslı «payda bolǵan» bir qatar túsinikler yamasa anıqlamalar.

Oqıtıwshı sabaq teması yamasa túsinigine baylanıslı associativ qatar jazadı. Talabalar associativ qatardan paydalanıp ótiletuǵın temanı boljaydı.

*1-mısal.* Oqıtıwshı doskada tómendegi sózlerdi jazadı: *aralıq, melodiyalıq interval, garmoniyalıq interval, engarmonizm, unison, diatonikalıq interval, arttırılǵan intervallar, disgarmoniya, consanansa.*

Oqıtıwshı: doskada jazilgan sózlerge qarań, olardıń barlıǵı búgingi sabaq temasına baylanıslı onı atań. (Sabaq teması: «Interval»)

*Oqıtıwshı:* associativ qatardı tolıqtırıń.

*Studentler: intervaldıń aylanısı, apwayı intervallar, quramalı intervallar, xromatikalıq intervallar, kemeytirilgen intervallar, engarmonikalıq teń intevallar, dissonans* hám basqalar.

*Oqıtıwshı:* keliń, intervallar túsinigine anıqlama bereyik. *Interval* dep bir waqıtta yamasa izbe-iz esitilgen eki sestiń aralıǵına aytıladı. Interval latınsha «aralıq» degen mánisti ańlatadı.

**«Qáteni tap» usılınan paydalanıw.** Tekstti oqıp atırıp oqıtıwshı bilip turıp qáte jiberedi. Studentler jiberiletuǵın qáte haqqında aldınnan xabarlandırıladı.

Ekinshi variantı: Studentke arnawlı túrde qáte jiberilgen tekst beriledi. Bul tekstlerdi tek oqıtıwshı emes, al talabalardıń ózleri dúzse de boladı. Mısalı: Intervallar teması boyınsha bir neshe qáteler jiberilgen anıqlamalar keltiriledi [5:114].

***Tarqatpa materiallar:*** *Intervaldıń aylanısı* dep bir waqıtta yamasa izbe-iz esitilgen eki sestiń aralıǵına aytıladı. Interval latınsha «aralıq» degen mánisti ańlatadı. Interval sesleri izbe-iz shertilse *garmoniyalıq interval* dep ataladı. Interval sesleri bir waqıttıń ózinde shertilse *melodiyalıq interval* dep ataladı. Aralıǵı bir oktavadan aspaytuǵın intervallar *quramalı intervallar* dep ataladı. Aralıǵı bir oktavadan keń bolǵan intervallar *ápiwayı intervallar* dep ataladı. Bálentligi birdey bolǵan eki yamasa bir neshe seslerdiń bir waqıtta shıǵıwı *disgarmoniya* dep ataladı. Diatonikalıq lad basqıshlar arasında payda bolǵan intervallar *xromatikalıq intervallar* bolıp tabıladı. Barlıq arttırılǵan hám kemeytirilgen intervallar *diatonikalıq intervallar* dep ataladı. *Engarmonikalıq teń intervallar* – bul bálentligi birdey bolıp, atları hár qıylı bolǵan seslerdi teńlew hám uqsatıw bolıp tabıladı. Intervallardıń bálentligi birdey, atları hár qıylı bolǵan intervallar *engarmonizm* dep ataladı. *Interval* dep, intervaldıń joqarǵı sestine oktava *joqarı kóteriw* yamasa tómengisin oktava *tómen túsiriw* jolı menen orın almasıp ózgeriwine aytıladı. Intervaldıń tómengi sesti intervaldıń *shıńı*, al joqarǵı sesti *tiykarı* dep ataladı. *Unison* – garmoniyanıń buzılıwı, sestiń qulaqqa jaǵımsız bolıwı. *Kemeytirilgen intervallar* – sap hám úlken intervallardan, *arttırılǵan intervallar* – sap hám kishi intervallardan payda boladı [6:66].

**Juwaplar kestesi**

| № | Nadurıs juwaplar | Durıs juwaplar |
|---|---|---|
| 1 | intervaldıń aylanısı | interval |
| 2 | garmoniyalıq interval | melodiyalıq interval |
| 3 | melodiyalıq interval | garmoniyalıq interval |
| 4 | quramalı intervallar | ápiwayı intervallar |
| 5 | ápiwayı intervallar | quramalı intervallar |
| 6 | Disgarmoniya | Unison |
| 7 | xromatikalıq intervallar | diatonikalıq intervallar |
| 8 | diatonikalıq intervallar | xromatikalıq intervallar |
| 9 | Engarmonizm | engarmonikalıq teń intevallar |
| 10 | engarmonikalıq teń intevallar | Engarmonizm |
| 11 | Interval | intervaldıń aylanısı |
| 12 | joqarı kóteriw | tómen túsiriw |
| 13 | tómen túsiriw | joqarı kóteriw |
| 14 | Shıńı | Tiykarı |
| 15 | Tiykarı | Shıńı |
| 16 | Unison | disgarmoniya |
| 17 | kemeyttirilgen intervallar | arttırılǵan intervallar |
| 18 | arttırılǵan intervallar | kemeyttirilgen intervallar |

***Atawshalar usılı*** – studentlerdiń tema boyınsha ózlestirgen bilimlerin jazba soraw usılı bolıp esaplanadı. Talabalar ushın ótilgen tema boyınsha maǵlıwmatlarǵa iye bolǵan tarqatpa materiallar teksti aldınnan tayarlanıp qoyıladı. Tarqatpa materiallar tekstinde termin yaki túsiniklerdiń ornına atawshalar qoyıladı. Usıldı kishi toparlarda orınlaymız. Usıldı oqıwshılardı jeke halda bahalaw ushın da qollanıwǵa da boladı. Bul jaǵdayda tarqatpa material hár bir talaba ushın óz aldına tayarlanadı [7:53].

*Atawshalar usılın orınlaw shárti:* Studentlerdiń wazıypası anıqlamadaǵı atawshalardıń ornına kerekli sózlerdi qoyıp tekstke jaqın bolǵan anıqlamanı tabıwı kerek**.**

*Tapsırma:* Teksttegi berilgen atawshalardıń intervallarǵa tiyisli bolǵan sózlerdi qoyıp shıǵıń.

*Tarqatpa material:* **Intervallar**

▲_______ - bir waqıtta yamasa izbe-iz esitilgen eki sestiń aralıǵına aytıladı. Interval atınsha ▲_______ degendi ańlatadı. Interval sesleri izbe-iz shertilse ▲_______ interval bir waqıttıń ózinde shertilse ▲_______ intervallardı payda etedi. Intervaldıń ▲_______ túri – seslerdiń izbe-iz esitiliwi hám nama jónelisiniń ayırım bóleklerin payda etedi. Intervaldıń ▲_______ túri – eki sestiń bir waqıtta qosılıp esitiliwi hám shertiliwi. Intervaldıń basqıshlar sanı menen ólshenetuǵın muǵdarına onıń ▲_______ dep ataladı.

Intervallar tiykarınan 2 ge bólinedi: 1) Oktava ishinde payda bolatuǵın ▲_______ ▲_______; 2) Oktavadan keń bolǵan ▲_______ ▲_______ .

Aralıǵı bir oktavadan aspaytuǵın intervallarǵa – ▲_______ ▲_______ dep ataladı. Intervallar onıń tiykarınan joqarǵı seske shekemgi basqıshlar sanına tuwrı

keliwshi latın sanları menen belgilenedi: ▲_______ 1 sanı menen belgilenedi, ▲_______ 2, ▲_______ 3, ▲_______ 4, ▲_______ 5, ▲_______ 6, ▲_______ 7, ▲_______ 8 sanı menen belgilenedi. Bálentligi birdey bolǵan eki yamasa bir neshe seslerdiń bir waqıtta shıǵıwı ▲_______ dep ataladı. ▲_______ – italyansha ▲_______ – sózinen alınıp, «bir dawıslıq» mánisin ańlatadı.

Intervallardı basqıshlar sanı menen ólshew- onıń atın atasa, ton hám yarım tonlar birdey atamadaǵı túrlerin anıqlawǵa járdem beredi, mısalı, ▲_______ ▲_______ sekunda, ▲_______ sekunda, ▲_______ seksta, ▲_______ seksta hám t.b. Intervallardńıń ton hám yarım tonlardan ibarat muǵdarına-onıń tonlar muǵdarı yamasa ▲_______ ▲_______ dep ataladı.

Diatonikalıq lad basqıshlar arasında payda bolǵan intervallar ▲_______ ▲_______ bolıp tabıladı. Diatonikalıq intervallar óz ishine eki topar ▲_______ hám ▲_______ intervallarǵa ajıratıladı. ▲_______ intervallar–sap hám úlken intervallardan, ▲_______ intervallar sap hám kishi intervallardan payda boladı.

Barlıq arttırılǵan hám kemeytirilgen intervallarga ▲_______ ▲_______ dep ataladı. ▲_______ – bul bálentligi birdey bolıp, atları hár qıylı bolǵan seslerdi teńlew hám uqsatıw bolıp tabıladı. Intervallardıń bálentligi birdey, atları hár qıylı bolǵan intervallarǵa ▲_______ ▲_______ ▲_______ dep ataladı.

▲_______ ▲_______ -dep, intervaldıń joqarǵı sestine oktava tómen túsiriw yamasa tómengisin oktava joqarı kóteriw jolı menen orın almasıp ózgeriwine aytıladı. Diatonikalıq intervallar óziniń garmoniyalıq esitiliwi boyınsha ▲_______ hám ▲_______ intervallarǵa bólinedi. ▲_______ sózi-italyan ▲_______ – «sáykesleniw» mánisin bildirip, seslerdiń bir waqıtta úylesip sáykes keliwi, jaǵımlılıǵı bolıp tabıladı. ▲_______ sózi-italyan ▲_______ – «baylanıssız» mánisin bildirip, qulaqqa jaǵımsız, baylanıssız yamasa tolıq baylanısta bolmaǵan sezimin payda etiwshi únleslik bolıp tabıladı.

**Juwabı:** *Interval, aralıq, melodiyalıq, garmoniyalıq, melodik, garmonik, san muǵdarı, apwayı intervallar, quramalı intervallar, apwayı intervallar, prima, sekunda, tertsiya, kvarta, kvinta, seksta, septima, oktava, unison, unison, unisono, úlken, kishi, úlken, kishi, sıpat muǵdarı, diatonikalıq intervallar, tiykarǵı, xarakterli, arttırılǵan, kemeytirilgen, xromatikalıq intervallar, engarmonizm, engarmonikalıq teń intervallar, intervaldıń aylanısı, konsonans, dissonans, konsonans, consanansa, dissonans, dissonansa.*

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, «Muzıka teoriyası» pánin oqıtıwdıń sapasın jetilistiriwde temalardıń ózgesheliklerine qarap interaktiv usıllardı tańlap alıwdı hám sabaq processinde ámelde qollanıwdı usınıs etemiz. Tájiriybe sınawda kórilgen interaktiv usıllar «Intervallar» temasında qollanıwda ádalatlı túrde bahalawda óz sheshimin tapqan. Muzıka teoriyası páninen «Intervallar» temasın oqıtıwda hár tárepleme izleniwde usınıs etilgen interaktiv usıllardan paydalanıw kútiletuǵın nátiyjelerge erisiwde ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul zamanagóy metodlar hám interaktiv usıllardı oqıw procesinde qollanıw oqıtıwdıń sapasın asırıwǵa járdem beredi hám talabalarda óz betinshe izleniwinde ilimiy dóretiwshilikti, erkin pikirlewdi rawajlandıradı, muzıkalıq qábiletlerin qáliplestirip baradı, konkurenciya ete alatuǵın jetik qánige bolıp jetilisiwin támiyinlew menen birge olardıń kásiplik pazıyletlerin tárbiyalaydı.

**Ádebiyatlar**


1. Деева Е.М. Применение современных интерактивных методов обучения в вузе. – Ульяновск: УлГТУ, 2015.
2. Сафонова Л.Ю. Методы интерактивного обучения. Методческие указания. – Псков: «Великие Луки», 2015.
3. Yuldoshev J., Hasanov S. Pedagogik texnologiyalar. – Toshkent: «Iqtisod-moliya», 2009.
4. Ro'zieva D., Usmonboeva M., Holikova Z. Interfaol metodlar: mohiyati va qo'llanilishi. – Toshkent: Nizomiy nomidagi TDPU nashriyoti, 2013.
5. Avlaev O.U., Jo'raeva S.N., Mirzaeva S.R. Ta'lim metodlari. – Toshkent: «Navro'z» nashriyoti, 2017.
6. Vaxromeev V.A. Muzıkanıń elementar teoriyası. – Nókis, «Ilimpaz» baspası, 2024.
7. Axetova G.J. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde muzıka pánin oqıtıwda interaktiv metodlardı qollanıw usılları. Magistrlik dissertaciya. – Nókis: 2022. 53-b.



**REZYUME.** Maqolada «Musiqa nazariyasi» fanini oʻqitishta interaktiv uslublardan foydalanish haqida soʻz etiladi. Tadqiqot obyekti sifatida «Intervallar» mavzusi tanlangan. «Intervallar» mavzusini oʻrganishda «Assotsiativ qator», «Xatoni top», «Orolchalar» interaktiv uslublardan foydalanilgan. Bu interaktiv uslublar «Intervallar» mavzusi mazmunini tez va terangroq tushunishni ta'minlaydi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится об использовнии интерактивных методов в преподовании предмета «теории музыки». В качестве объекта исследования была выбрана тема «Интервалы». При изучении темы использованы интерактивные методы: «Ассоциативный ряд», «Найди ошибку», «Островки». Эти интерактивные методы обеспечивают более быстрое и глубокое понимание содержания темы «Интервалы».

**SUMMARY.** The article devoted to the use of interactive methods in teaching the subject of «music theory». The subjest «Intervals» was chosen as the object of research. The following interactive methods were used while studying the topic: «Associative row», «Find a mistake», «Islands». These interactive methods provide a faster and deeper understanding of the content of the topic «Intervals».